# Qaraqalpaqstan Respublikası Statistika basqarması






# 2024-JÍL YANVAR-SENTYABR AYLARÍNDA TIYKARǴÍ KAPITALǴA INVESTICIYALAR






2024-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında 14307,2 mlrd. som tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar ózlestirilip, olardıń 82,1 % ti yaki 11739,2 mlrd. somı ajıratılǵan qarjılar esabınan qarjılastırılǵan bolsa, kárxana, mákemelerdiń hám xalıqtıń qarjıları esabınan 17,9 % yamasa 2568,0 mlrd. som qarjılandırıldı.

Jámi investiciyalar kóleminde, oraylasqan qarjılandırıw derekleri esabınan qarjılastırılǵan tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń úlesi, 2023-jıldaǵı úlesine salıstırǵanda 11,1 % punktke kemeyip, 12,1 % ti yamasa 1729,9 mlrd. somdı quradı.

Uyqas túrde, oraylaspaǵan qarjılandırıw derekleri esabınan 12577,3 mlrd. som yamasa jámi investiciyalardıń 87,9 % ti ózlestirilip, 2023-jıldaǵı kórsetkishke salıstırǵanda 11,1 % punktke kóbeydi.

## Ózbekstan Respublikası kepilligindegi shet el kreditleri

| | |
|---|---|
| Kólemi | 862,0 mlrd. som |
| Ósim páti | 74,9 % |
| Jámige salıstırǵanda úlesi | 6,0 % |

## Suw támiynatı hám kanalizaciya sistemaların rawajlandırıw qorı

| | |
|---|---|
| Kólemi | 66,3 mlrd. som |
| Ósim páti | 199,8 % |
| Jámige salıstırǵanda úlesi | 0,5 % |

## Tikleniw hám rawajlanıw qorı

| | |
|---|---|
| Kólemi | 6,7 mlrd. som |
| Ósim páti | - |
| Jámige salıstırǵanda úlesi | - |

## Respublika byudjeti

| | |
|---|---|
| Kólemi | 794,9 mlrd. som |
| Ósim páti | 83,8 % |
| Jámige salıstırǵanda úlesi | 5,6 % |

## Oraylastırılmaǵan qarjılandırıw derekleri quramı

### 1 Kárxanalardıń óz qarjıları

| | |
|---|---|
| Kólemi | 1459,4 mlrd. som |
| Ósim páti | 74,6 % |
| Jámige salıstırǵanda úlesi | 10,2 % |

### 2 Xalıqtıń qarjıları

| | |
|---|---|
| Kólemi | 1108,6 mlrd. som |
| Ósim páti | 104,0 % |
| Jámige salıstırǵanda úlesi | 7,7 % |

### 3 Tuwrıdan-tuwrı shet el investiciyalar

| | |
|---|---|
| Kólemi | 1763,2 mlrd. som |
| Ósim páti | 2,3 e. |
| Jámige salıstırǵanda úlesi | 12,3 % |

### 4 Kommercialıq bank kreditleri hám basqa qarız derekleri

| | |
|---|---|
| Kólemi | 442,5 mlrd. som |
| Ósim páti | 97,6 % |
| Jámige salıstırǵanda úlesi | 3,1 % |

### 5 Kepilliksiz hám basqa shet el investiciya hám kreditler

| | |
|---|---|
| Kólemi | 7803,6 mlrd. som |
| Ósim páti | 2,9 e. |
| Jámige salıstırǵanda úlesi | 54,6 % |

# Qarjılandırıw derekleri boyınsha tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar, *mlrd. som*




2024-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında kepilliksiz hám basqa shet el investiciya hám kreditler esabınan qarjılastırılǵan tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar – 7803,6 mlrd. som yamasa jámi tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń 54,6 % in quradı. Tuwrıdan-tuwrı shet el investiciyalar esabınan ózlestirilgen investiciyalar kólemi 1763,2 mlrd. somdı qurap 2023-jılǵa salıstırǵanda 2,3 esege astı.

Kárxanalar hám shólkemlerdiń óz qarjıları esabınan jámi tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń 10,2 % i yaki 1459,4 mlrd. somı ózlestirildi.

## 2024-jıl yanvar-sentyabr aylarında aymaqlar kesiminde tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar

| | Investiciyalar kólemi, mlrd. som | Ósim páti, % te | úlesi, % te |
|---|---|---|---|
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 14307,2 | 156,4 | 100,0 |
| rayonlar: | | | |
| Ámiwdárya | 447,5 | 132,7 | 3,1 |
| Beruniy | 355,2 | 121,0 | 2,5 |
| Bozataw | 45,5 | 56,4 | 0,3 |
| Qaraózek | 5232,9 | 292,5 | 36,6 |
| Kegeyli | 84,5 | 83,5 | 0,6 |
| Qońırat | 2486,8 | 211,8 | 17,4 |
| Qanlıkól | 154,5 | 116,8 | 1,1 |
| Moynaq | 1335,0 | 149,3 | 9,3 |
| Nókis | 272,4 | 90,3 | 1,9 |
| Taqıyatas | 114,3 | 148,2 | 0,8 |
| Taxtakópir | 63,9 | 113,9 | 0,4 |
| Tórtkúl | 505,9 | 88,6 | 3,5 |
| Xojeli | 231,0 | 99,4 | 1,6 |
| Shımbay | 271,8 | 114,5 | 1,9 |
| Shomanay | 97,8 | 100,5 | 0,7 |
| Ellikqala | 356,5 | 73,5 | 2,5 |
| Nókis q. | 2251,7 | 99,2 | 15,7 |

*Sonıń menen birge, kepilliksiz hám basqa shet el investiciya hám kreditler esabınan ózlestirilgen investiciyalar 2023-jılǵa salıstırǵanda 2,9 esege astı. Bunday joqarı ósim pátin 2022-2027-jıllarda Tebinbulaq temir ruda kánin ózlestiriw hám metallurgiya kompleksin qurıw (1-basqısh) boyınsha joybar, 2020-2030-jıllarda neft qazıp shıǵarıw kólemlerin kóbeytiw hám basqa investiciya joybarları menen anıqlama beriw múmkin.*






Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń texnologiyalıq quramında qurılıs-montaj jumıslarına 7175,7 mlrd. som investiciyalar ózlestirilgen bolıp, jámi investiciyalardıń 50,2 % in quradı, mashina, úskene hám inventarlar boyınsha 6301,4 mlrd. som (jámi investiciyalardaǵı úlesi 44,0 %) hám basqa qárejetlerge 830,1 mlrd. som (5,8 %) ti ózlestirildi.




Aymaqlar kesiminde jámi tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar kóleminde qurılıs-montaj jumıslarınıń úlesi boyınsha eń joqarı kórsetkish Shomanay rayonında gúzetildi 72,5 % yamasa 70,9 mlrd. som.

Qurılıs-montaj jumıslarınıń úlesi boyınsha eń tómen dáreje Qaraózek rayonında gúzetilip, 37,6 % ti yamasa 1967,9 mlrd. somdı quradı. Qaraózek rayonında mashina, úskeneler hám inventarlarǵa qárejetler boyınsha eń joqarı kórsetkish – 59,5 % yamasa 3116,0 mlrd. somdı quradı.

Ámeldegi esabat dáwirinde de tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń úlken bólegi jańa qurılısqa baǵdarlanǵan investiciyalar 9242,5 mlrd. somdı qurap hám respublikadaǵı jámi ózlestirilgen investiciyalardıń 64,6 % in quradı.

Ekonomikada ámeldegi obyektlerdi keńeytiriw, rekonstrukciya hám modernizaciyalaw jumıslarına jónelttirildi. Baǵıtlanǵan investiciyalar kólemi 3572,8 mlrd. somdı qurap, jámi ózlestirilgen investiciyalardıń 25,0 % in quradı. Qalǵan 10,4%, yaǵnıy 1491,9 mlrd. som basqa qárejetlerge jónelttirildi.

Keńeytiriw, rekonstrukciya hám modernizaciyalaw ushın baǵdarlanǵan investiciyalardıń jámi investiciyalardaǵı úlesi boyınsha eń joqarı kórsetkish 2022-2027- jıllarda Tebinbulaq temir ruda kánin ózlestiriw hám metallurgiya kompleksin quriw (1-basqısh) joybarı sheńberinde ózlestirilgen investiciyalar nátiyjesinde Qaraózek rayonında gúzetilip, 98,1 % ti quradı.

## Aymaqlar kesiminde jańa qurılıs jumıslarınıń úlesi, jámige salıstırǵanda, % te



## Aymaqlar boyınsha keńeytiriw, rekonstrukciya hám modernizaciyalaw jumıslarına ózlestirilgen investiciyalar úlesi, jámige salıstırǵanda, % te




## Aymaqlar boyınsha basqa jónelislerge ózlestirilgen investiciyalar úlesi, jámige salıstırǵanda, % te



## Aymaqlar boyınsha mashina, úskene hám inventarlarǵa investiciyalar úlesi, jámige salıstırǵanda, % te




## AYMAQLAR BOYÍNSHA QURÍLÍS-MONTAJ JUMÍSLARÍNA INVESTICIYALAR ÚLESI, JÁMIGE SALÍSTÍRǴANDA, % TE



## Aymaqlar boyınsha basqa qárejetler úlesi, jámige salıstırǵanda, % te




Tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha quramında taw-kán sanaatı jetekshilik qılmaqta. Bul ekonomikalıq xızmet túrinde jámi qarjılandırıw derekleri esabınan 6619,7 mlrd. som yamasa jámi tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń 46,3 % ti ózlestirilgen.

## Taw-kán sanaatı quramında eń kóp ózlestirilgen investiciyalar xızmet túrleri boyınsha tómendegiler:



Islep shıǵarıw sanaatında jámi 1691,2 mlrd. som yáki respublika boyınsha jámi investiciyalar kóleminiń 11,8 % i ózlestirilip, sonnan 5,7 % i yáki 816,7 mlrd. somı ximiyalıq ónimlerin islep shıǵarıw tarawına tiyisli bolıp tabıladı.

## Qaraqalpaqstan Respublikasında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar, jámige salıstırǵanda % te






# Aymaqlar kesiminde tiykarǵı kapitalǵa shet el investiciya hám kreditler

mlrd. som

| | Jámi | Tuwrıdan-tuwrı shet el investiciyalar | Óz.R. kepilligi astındaǵı shet el kreditler | Kepilliksiz basqa investiciya hám kreditler |
|---|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **10428,8** | **1763,2** | **862,0** | **7803,6** |
| rayonlar: | | | | |
| Ámiwdárya | 269,6 | - | 124,1 | 145,5 |
| Beruniy | 175,6 | - | 73,5 | 102,1 |
| Bozataw | 7,9 | - | - | 7,9 |
| Qaraózek | 5171,2 | 767,8 | 31,1 | 4372,3 |
| Kegeyli | 25,4 | 18,1 | - | 7,3 |
| Qońırat | 2098,7 | 761,9 | 455,8 | 881,0 |
| Qanlıkól | 56,9 | 9,3 | - | 47,6 |
| Moynaq | 1139,0 | - | - | 1139,0 |
| Nókis | 108,2 | 2,5 | 55,3 | 50,4 |
| Taqıyatas | 40,9 | - | 10,4 | 30,5 |
| Taxtakópir | 27,5 | 6,1 | - | 21,4 |
| Tórtkúl | 121,2 | 66,5 | 20,3 | 34,4 |
| Xojeli | 29,5 | 8,2 | 0,6 | 20,7 |
| Shımbay | 99,1 | 7,2 | - | 91,9 |
| Shomanay | 19,8 | 8,8 | - | 11,0 |
| Ellikqala | 131,3 | - | 9,8 | 121,5 |
| Nókis q. | 907,0 | 106,8 | 81,1 | 719,1 |

2024-jıl yanvar-sentyabr aylarında 10428,8 mlrd. som yáki tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń 72,9 % i shet el investiciya hám kreditler esabınan ózlestirildi.

Jámi shet el investiciya hám kreditler quramında shet el investiciyalar 6813,6 mlrd. somdı qurap hám qalǵan 3615,2 mlrd. som shet el kreditleri esabına tuwrı keldi.

Tuwrıdan-tuwrı shet el investiciya hám kreditler esabınan ámeldegi dáwirde 9566,8 mlrd. som ózlestirilgen bolsa, Ózbekstan Respublikası kepilligi astında 862,0 mlrd. som shet el kreditleri ózlestirilidi.

Tiykarǵı kapitalǵa shet el investiciya hám kreditleriniń 2023-jılǵa salıstırǵanda ósim páti 2,2 esege astı.

## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha shet el investiciya hám kreditler quramı



**Qayta islew sanaatı**
**1545,6 mlrd. som**
**úlesi 10,8 %**

**Taw-kán sanaatı**
**6312,2 mlrd. som**
**úlesi 44,1 %**

**Awıl xojalıǵı**
**109,1 mlrd. som**
**úlesi 0,8 %**

**Suw menen támiyinlew, kanalizaciya**
**307,3 mlrd. som**
**úlesi 2,1 %**

**Elektr, gaz, puw menen támiyinlew**
**790,4 mlrd. som**
**úlesi 5,5 %**

**Tasıw hám saqlaw**
**639,7 mlrd. som**
**úlesi 4,5 %**

**Kótere hám usaqlap satıw**
**52,6 mlrd. som**
**úlesi 0,4 %**

**Densawlıqtı saqlaw**
**281,8 mlrd. som**
**úlesi 2,0 %**

**Xabar hám baylanıs**
**51,7 mlrd. som**
**úlesi 0,4 %**



**Investiciyalar hám qurılıs statistikası bólimi**

Baylanıs telefoni: ***(61) 222-75-91***